City University London | Refugee Studies Centre | Paul Hamlyn Foundation

Young Undocumented Migrants in Britain

VAPOTERI VECHIDIKI MU BRITAIN

Chirongwa chevapoteri vechidiki chakarongwa nePaul Hamlyn Foundation, chichi tungamirwa naDr Alice Bloch mushandi wepa City University, London muboka reSociology, vakabatanwo naProfessor Roger Zetter vekuOxford University. Chirongwa ichi chine tarisiro yekuda kunzwisisa mararamiro evapoteri muno muBritain nematambudziko avanosangana navo zuva nezuva.

Chirongwa ichi chichabatana ne mapoka akati kuti zvichisanganisa vaka mirira kubatsira vapoteri, pamwechete neve Evelyn Oldfield, vanova ndivo vanovarayira. Uku kubatana kwakakosha zvikuru kuti chirongwa ichi chigobudirira pamwe chete nekubatsira kuvaka ukama nemamwe mapoka anechinangwa mukubatsira vapoteri vechidiki. Basa iri rakakosha kune ve Paul Hamlyn Foundation mukuda kwavo kuti vanhu vese vawane magariro akanaka kunyangwe zvazvo vari vapoteri munyika ino.

Basa reboka iri richaitwa muguta reBirmingham, London neManchester rakanangana neupenyu, kurarama, nemabasa akasyiyana siyana anoitwa nevapoteri vechidiki vano gara muzvimbo idzi.

Vapoteri vechidiki vanova ku Zimbabwe, Brazil, China, Turkey
(neve chi Kurdish) nevanobva kuUkraine vachapuwa mukana woku pa humbowo neku vunzwa mivunzo ichabatsira chirongwa pamusoro pekuda kunzwisisa mararamiro evashandi vechidiki munzvimbo zvavagere, uyezve nokutsvaga kuti kushaya kwavo magwaro emunyika ino kunokonzera kuti vararame upenyu hwakadini. Vanhu makumi maviri (20) vachapa humbowo, vamwe makumi matanhatu (60) ndivo vachbunzwa mibvunzo. Chirongwa ichi chinoda kunzwa kune avo vachangosvika munyika ino, neavo vatove nemakore akawanda vachigara muhupoteri vasina magwaro.

Mugore ra 2007 ichi chirongwa chaka shanda nemabato aka siyana zvichisanganisawo masangano anowona nezvevapoteri vechidiki. Iri basa rakaita kuti chirongwa che Paul Hamlyn Foundation chikwanise kutsvagisisa kuoma kwehupenyu nemararamiro eve chidiki. Chirongwa ichi chinoda kunzwisisa kuti chii chinoita kuti vechidiki vasarudze kushingirira nemagariro akadai vari muhupoteri usiri mugwara.

Chirongwa ichi chakanangana nekuda kuti izwi reve chidiki vari muhupoteri rinzwike nekuti zvinozikanwa maererano neku rarama kwavo zvishoma. Izvi zvichisanganisa mashandiro avo, vavanodyidzana navo, magariro avo nevamwe munzvimbo dzvavagere.

Chirongwa ichi chinetarisiro yekuda kunzvisisa kuti vapoteri vechiki vari kubatsirawo sei hama dzavo dzakasara kumusha pamwe nekuda kunzwisisawo kuti tarisiro yevechiki pane remangwana ravo ndeyeyi.

Kana muchida kunzvisisa:
Alice Bloch - Email: a.bloch@city.ac.uk
Nando Sigona - Email: nando.sigona@qeh.ox.ac.uk

Kana kutarisa pa www.staff.city.ac.uk/yum